**दिन—मंगलवार** **दिनांक—06.08.2024**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः—शाम 06:25 बजे सँ अवधिः—05 मिनट

---

बांग्लादेश मे भऽ रहल छात्र आंदोलन आओर राजनीतिक उल्टफेरक बीच बिहार पुलिस मुख्यालय सीमावर्ती क्षेत्र मे सर्तकाता बढ़ा देलक अछि। कटिहार, पूर्णियां आओर किशनगंज जिलाक सीमावर्ती क्षेत्र मे पुलिसक गश्ती बढ़ेबाक लेल जनाओल गेल अछि। पुलिस मुख्यालय लोकसभ सँ स्थानीय थाना आओर जिला पुलिस कार्यालयक टॉल फ्री नंबर— एक चारि, चारि तीन, दू आओर एक—एक दू पर कोनो संदेहक गतिविधिक जनतब देबाक लेल जनाओल गेल अछि। संगहि लोकसभ सँ अफवाह पर ध्यान नहि देबाक लेल सेहो जनाओल गेल अछि।

---

राज्य सरकार खरीद नीति मे पैघ बदलि करैत स्थानीय उत्पादक आओर उद्यमी के बढ़ावा देबाक निर्णय कयलक अछि। मुख्यमंत्री नीतीश कुमारक अध्यक्षता मे राज्य मंत्रीमंडलक बैसार मे बिहार खरीद अधिमानता नीति के स्वीकृति देल गेल। बैसारक बाद संवाददाता सभ सँ कैबिनेट विभागक अपर मुख्य सचिव डॉक्टर एस. सिद्धार्थ जनौलनि जे नव नीति मे बिहार उद्यमी आओर आपूर्तिकर्त्ता सभ के सरकारी टेंडर मे प्राथमिकता देल जायत। डॉक्टर सिद्धार्थ जनौलनि जे अवैध बाऊल खनन रोकबाक लेल सरकार सुचना देबयबला सभ के पुरस्कृत करबाक प्रस्तावक स्वीकृति देलक अछि। ट्रक सँ अवैध खनन होयबाक सूचना देला पर दस हजार टाका आओर ट्रैक्टर सँ खननक सूचना देबयबला के पांच हजार टाका ईनाम देल जायत। ओ जनौलनि जे कैबिनेट पटना मेडिकल कॉलेज अस्पताल मे एम्स नव दिल्ली जेहेन चारि हजार तीन सय पंद्रह नव पदक स्वीकृति देल गेल अछि। संगहि, सड़क दुर्घटना कम करबाक लेल गाड़िक गति सीमा तय करबाक लेल परिवहन विभाग के काज सौपल गेल अछि।

---

बिहार पुलिस मे सिपाहीक एकैस हजार तीन सय एकानवे पद लेल काल्हि सँ पुनर्परीक्षा परीक्षा लेल जायत। ई परीक्षा सात, एगारह, अठारह, एकैस, पचीस आओर अठाईस

अगस्त कऽ एक पारी मे दूपहर बारह बजे सँ दू बजे धरि होयत। ई जनतब केन्द्रीय चयन परिषद सिपाही भर्तीक अध्यक्ष जीतेन्द्र कुमार देलनि अछि। एहि बीच, आर्थिक अपराध इकाई ई परीक्षा लेल एडभाईजरी जारी कयलक अछि। ई.ओ.यूक डीआईजी मानवजीत सिंह ढ़िल्लो अभ्यर्थी सभ सँ कोनो झाँसा मे नहि अयबाक लेल जनौलनि अछि। वाट्सएप् नम्बर आठ–पांच, चारि–चारि, चारि–दू, आठ–चारि, शून्य–चारि पर कोनो शिकायत कयल जा सकैत अछि।

———————————————————————————

केन्द्र सरकार जनौलक अछि जे प्रधानमंत्री स्वास्थ्य सुरक्षा योजना मे देश भरि मे बाईस नव अखिल भारतीय आयुर्विज्ञान संस्थान– एम्सक स्वीकृति देल गेल अछि। राज्यसभा मे प्रश्नकालक बीच पूरक प्रश्नक उत्तर दैत स्वास्थ्य आओर परिवार कल्याण राज्य मंत्री अनुप्रिया पटेल ई जनतब देलनि। ओ जनौलनि जे उनैस एम्स मे उपचार शुरू भऽ गेल अछि।

———————————————————————————

केन्द्र पीएम किसान सम्मान निधि योजना मे एगारह करोड़ सँ बेसी लाभार्थी किसान सभ के अखन धरि तीन लाख चौबीस हजार करोड़ टाका देलक अछि। लोकसभा मे एक लिखित उत्तर मे केन्द्रीय कृषि आओर किसान कल्याण राज्य मंत्री रामनाथ ठाकुर ई जनतब देलनि।

———————————————————————————

सीबीआई रेलवे मे नोकरीक बदला जमीन घोटाला मामिला मे दिल्लीक विशेष अदालत मे आई पूरक आरोप–पत्र दायर कयलक। आरोप–पत्र मे ओहि कालक रेलमंत्री आओर राजद अध्यक्ष लालू प्रसाद आओर हुनक पुत्र तेजस्वी प्रसाद यादव सहित एगारह आरोपीक नाम अछि। मामिलाक अगिला सुनावाई तेरह अगस्त कऽ होयत।

———————————————————————————

मॉनसूनक सक्रियताक कारण प्रदेशक बेसी क्षेत्र मे बरखा भऽ रहल अछि। मौसम विभाग सँ भेटल जनतबक अनुसार पश्चिम चंपारण जिलाक चनपटिया मे सभ सँ बेसी एक सय अनठानवे दशमलव छओ मिलीमीटर बारीश भेल अछि। ओतहि, बेतिया मे एक सय चौसठि आओर सुपौलक राघोपुर मे एक सय अड़तालीस दशमलव दू मिलीमीटर बारीश भेल अछि। संगहि, कतेको आनो–आन ठाम एक सय पैंतीस सँ पचास मिलीमीटर धरि बरखा भेल अछि। मौसम पूर्वानुमान मे जनाओल गेल अछि जे अगिला चौबीस घंटाक बीच– सहरसा,

मधेपुरा, अररिया, किशनगंज, पश्चिम चंपारण, गोपालगंज, पटना, कैमूर, रोहतास, जहानाबाद, गया, नवादा, खगड़िया, बेगूसराय आओर मुंगेर जिला मे किछु ठाम भारी सँ बहुत भारी बारीश भऽ सकैत अछि। एहि बीच, मेघ गर्जन आओर ठनका खसय के लऽकऽ सेहो चेतवानी देल गेल अछि। एम्हर, बारीशक दरमियान ठनका खसला सँ बेगूसराय जिलाक बरौनी मे एक महिलाक मृत्यु भऽ गेलनि जखनकि हुनक पति घायल भऽ गेलाह।

———————————————————————————

नेपालक जलग्रहण क्षेत्र आओर पड़ोसी राज्य सभ मे भऽ रहल भारी बारीशक कारण प्रदेशक बेसी नदी उफान पर अछि। गंडक नदी गोपालगंजक डुमरिया घाट, बागमती नदी मुजफ्फरपुरक बेनीबाद आओर कमला–बलान नदी मधुबनी जिलाक जयनगर मे उफान पर अछि। कोसी नदीक जलस्तर खगड़ियाक बलतारा मे खतराक निशान सँ ऊपर बनल अछि।

———————————————————————————

सुपौल सँ हमर संवाददाता जनौलनि अछि जे भीमनगर कोसी बराज सँ आई नदी मे एक लाख संतावन हजार तीन सय चालीस क्यूसेक पानि छोड़ल गेल। ओतहि, नेपालक जलग्रहण क्षेत्र बराह मे सेहो पानि बढि रहल अछि।

———————————————————————————

एहि संग आकाशवाणी, दरभंगा आ विविध भारती पटना सँ प्रसारित संवादक ई अंक समाप्त भेल।